



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 62 MILYON DOLA POU RANFÒSE KOMINIKASYON IJANS AK ENFRASTRIKTI ENTÈFONKSYÒNMAN NAN ETA NEW YORK

Sibvansyon sible pou amelyore sekirite piblik nan ranfòse rezilyans sistèm kominikasyon ijans

Finansman pou sekirite piblik yo bay 14 konte nan rejyon nò eta yo, ki bay jiska 6 milyon pou chak konte

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 62 milyon dola bay 14 konte atravè pwogram Sibvansyon Kominikasyon Entèfonksyònman nan Tout Eta a (Statewide Interoperable Communications Grant, SICG) pou ranfòse kominikasyon ijans ak enfrastrikti entèfonksyònman ke premye sekouris lokal yo itilize. Pwogram nan, ki administre pa Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la, bay finansman pou amelyore sekirite piblik atravè amelyore ak modènize enfrastrikti, abòde defisyans kominikasyon, mete ann aplikasyon chanèl entèfonksyònman nasyonal, ak ranfòse koneksyon rejyonal ant konte yo ak sistèm yo.

"Lè katastwòf frape, New York dwe pare. Finansman sibvansyon sa a enpòtan anpil pou modènize sistèm kominikasyon ijans nou yo pou asire premye sekouris brav nou yo gen resous ak done yo bezwen pou kenbe kominote a ak tèt yo an sekirite pandan yon ijans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se pi gwo priyorite mwen epi pwogram sa a se kle pou amelyore sekirite piblik nan tout nò Eta New York."

Entèfonksyònman bay sekouris yo kapasite pou pataje enfòmasyon ak done an tan reyèl pandan yon ijans. Pwogram Sibvansyon Kominikasyon Entèfonksyònman nan Tout Eta a sible a se yon pwogram sibvansyon ki pa baze sou konpetisyon ki fèt pou amelyore estati echanj enfòmasyon radyo mobil tèrès yo pou ajans sekirite piblik New York yo. Finansman an distribye bay aplikan ki kalifye yo ki pa gen kouvèti ki sifizan oswa enfrastrikti ki sifizan nan chanèl echanj enfòmasyon nasyonal yo oswa pou amelyore sistèm pataje yo. Pri maksimòm ki disponib pou chak benefisyè se 6 milyon dola, kote y ap aksepte yon sèl aplikasyon pa konte. Anvan yo te bay prim yo, DHSES te revize aplikasyon yo ak bay asistans teknik pou aplikan yo sou demann.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Finansman patnè sekirite piblik yo nan kè misyon ajans nou an.

Sibvansyon sa yo pral ede Konte yo nan rejyon nò eta yo fè amelyorasyon nan sistèm kominikasyon ijans yo. Premye sekouris New York yo bezwen zouti ak resous ki pi bon kalite pou asire ke kominikasyon yo efikas pandan yon repons pou ijans."

Sibvansyon Sible SICG 2022 a pral finanse pwojè lokal ki amelyore entèfonksyònman atravè ekspansyon sistèm pataje nan Rejyon Kapital la, New York Santral ak Southern Tier, ak ekspansyon chanèl radyo komen nan Hudson Valley ak Finger Lakes. Lòt pwojè yo pral ranfòse rezistans nan sistèm kominikasyon kle sekirite piblik yo.

Yo te distribye prim yo konsa:

1. Konte	2. Kantite Lajan
3. Albany	4. \$6,000,000
5. Allegany	6. \$6,000,000
7. Chemung	8. \$3,584,452
9. Columbia	10. \$4,558,183
11. Cortland	12. \$5,000,000
13. Jefferson	14. \$2,000,000
15. Montgomery	16. \$810,000
17. Onondaga	18. \$2,750,000
19. Orleans	20. \$2,990,000
21. Putnam	22. \$6,000,000
23. Schenectady	24. \$6,000,000
25. Schuyler	26. \$4,888,663
27. Steuben	28. \$5,846,500
29. Tioga	30. \$6,000,000
TOTAL	\$62,427,798

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite DHSES sou [Facebook](#), sou [Twitter](#) oswa vizite [dhSES.ny.gov](https://www.dhSES.ny.gov).

###